# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

आजु पूरा देस में संविधान दिवस मनावल जा रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह मौका पर संविधान निर्माता लोगिन के सरधांजलि दिहलें। उहां के कहलीं कि संविधान निर्माता लोगिन क दूरदर्सिता हर नागरिक के एगो बिकसित भारत बनावे बदे प्रेरित करत रही। प्रधानमंत्री संविधान दिवस के मौका पर देस के नांव चिट्ठी लिखि के ओन्नइस सौ ओन्चास में संविधान के इतिहासिक रूप से अंगीकार कइल गइले के इयादि कइले हवें। एगो रिपोर्ट–

**राष्ट्र की प्रगति में संविधान की स्थायी भूमिका का उल्लेख करते हुए प्रधानमंत्री ने अपने पत्र में लिखा है कि 2015 में सरकार ने इस पवित्र दस्तावेज के सम्मान में 26 नवंबर को संविधान दिवस के रूप में घोषित किया था। प्रधानमंत्री ने नागरिकों से अपने कर्तव्यों को सर्वोपरि रखने और अपने मताधिकार का प्रयोग करके लोकतंत्र को मजबूत करने का भी आग्रह किया। उन्होंने कहा भारत एक विकसित और सशक्त राष्ट्र बनने के दृष्टिकोण के साथ आगे बढ़ रहा है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में संविधान दिवस पर आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि भारत के संविधान क मूल प्रति हर घर में होखे के चाही।

**भारत का यह संविधान, भारत के संविधान की वह मूल प्रति, उस संविधान की मूल प्रति को जिसे छब्बीस नवम्बर उन्नीस सौ उन्चास को बाबा साहब भीमराव अम्बेडकर की नेतृत्व की ड्रॉफ्टिंग कमेटी ने संविधान सभा को सौंपा था। उस प्रति को अगर आप देखेंगे और मैं तो मानता हूं कि हर भारतवासी के घर में वह प्रति होनी चाहिए और उसकी प्रस्तावना का वाचन हर परिवार में होना चाहिए।**

प्रदेस के सज्जो सरकारी कार्यालयन में अधिकारी आ करमचारी लोगिन के संविधान दिवस क सपथ दियावल गइल।

**********

प्रदेस में बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान में बूथ लेवल ऑफिसर–बीएलओ की ओरि से गणना प्रपत्र भरववले क काम चलि रहल बा। वाराणसी क जिलाधिकारी सत्येन्द्र कुमार आजु ओइजा के कई गो बूथन क निरीक्षण कइ के अभियान के प्रगति क जनकारी लिहलें। उहां के मतदाता लोगिन से अपीलि कइलीं कि सब लोगि गणना प्रपत्र जरूर भरें। एके भरले में जो त कउनों दिक्कति होखे त अपने बीएलओ से सम्पर्क करें।

**********

काशी–तमिल संगमम के देखत ओन्तीस नवम्बर से बारह दिसम्बर ले कन्याकुमारी, चेन्नई आ कोयंबटूर से बनारस के बिच्चे सात गो ट्रेन चलावल जाई। सथहीं पांच से सतरह दिसम्बर ले वापसी बदे ट्रेन चली। पहिला ट्रेन ओन्तीस नवम्बर के कन्याकुमारी से रवाना होई आ पहिली दिसम्बर के बनारस पहुंची।

**********

लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल क एक सौ पचासवीं जयंती अभियान में आजु मऊ जिला में एकता पदयात्रा निकारल गइल। जिला क प्रभारी मंत्री गिरीश चन्द्र यादवो पदयात्रा में हिस्सा लिहलें।

**********

गोवा में छप्पनवां अंतर्राष्ट्रीय फिल्मोत्सव चलि रहल बा। येह दौरान आजु एगो 'फिलिम क्रिटिक गोलमेज संवाद' आयोजित कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

**फिल्म समीक्षक की भूमिका और प्रभाव पर कला अकादमी में एक फिल्म क्रिटिक गोलमेज संवाद आयोजित किया गया। पत्रकार तथा राष्ट्रीय पुरस्कार विजेता बरद्वाज रंगन ने बताया कि इक्कीसवीं सदी में फिल्म समीक्षा लोकतांत्रिक हो गई है और इस में बंधन काफी कम हुए हैं। हालांकि दूसरी तरफ नकारात्मकता को भी इससे बढ़ावा मिला है। वहीं फिल्म समीक्षक एलिजाबेथ कर ने सोशल मीडिया और पेड आर्टिकल्स के जमाने में चुनौतियों के साथ–साथ समीक्षा में अपनी आवाज खोजने को लेकर बात की। निखिल और सायरा के साथ, आदर्श, आकाशवाणी समाचार, पणजी।**

**********

जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के लोगिन के फायदा मिलि रहल बा। नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्रन में जीएसटी दर घटवले के बाद बाइस सितम्बर से जीएसटी बचत उत्सव सुरू भइल। एगो रिपोर्ट–

***जीएसटी कर में सुधार से स्वास्थ्य सेवा के किफाइती सुलभ आ निवारक बनवले में मददि मिलल हौ। तैंतीस गो जीवन रक्षक दवाइयन पर वस्तु अउर सेवा कर पुरहर तरह से माफ कइ दीहल गइल हवे आ जरूरी दवाई पर खाली पांच फीसदी टेक्स बा, जवन पहिले बारह फीसदी रहल। चिकित्सा उपकरण पर लागे वाला जीएसटी कर के घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा, पहिले येह उत्पादन पर बारह फीसदी टेक्स लागत रहे। जीएसटी कर कम भइले से लोगिन के अस्पतालन, निदान केन्द्रन आ क्लिनिकनों से स्वास्थ्य सेवा पावल असान आ सस्ता हो गइल बा। ओहीं, व्यक्तिगत स्वास्थ्य बीमो पर टेक्स खतम कइ दीहल गइल हौ, जेहसे स्वास्थ्य बीमा के व्यापक रूप से अपनावल जा रहल बा। आकाशवाणी दिल्ली से रीशु जायसवाल आ रहीमुद्दीन रिहान के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

लखीमपुर खीरी जिला के पढ़ुआ थानाक्षेत्र में बीतल राति ढखेरवा–गिरजापुरी हाइवे पर एगो तेज रफ्तार कार शारदा नहरि में गिरि गइलि। येह हादसा में कार में बइठल पांच जने क मउति हो गइल ओही कार क डराइबर गम्हिराहे घाही बा।

**********